

FÒMILÈ VERIFIKASYON REVNI POU PWOGRAM BOUS DETID 2025-2026

Pwosesis Verifikasyon Revni an enpòtan pou kèk fanmi. Si ou se yon nouvo kandida pou Bous Detid Ekspansyon EdChoice (Expansion Scholarship) la, ou dwe konplete pwosesis verifikasyon revni an pou resevwa yon atribisyon bous detid. Si ou se yon kandida pou Bous Detid la epi ou kalifye pou estati fèb revni an, ou p ap bezwen peye frè eskolarite ki pi wo pase montan bous la. **Li rekòmande pou ou itilize [Sistèm Verifikasyon Revni Anliy](#) lan pou konplete pwosesis sa,** oswa ou kapab ranpli fòmilè sa a epi voye li atravè lapòs ak plizyè kopi dokiman revni yo nan adrès ki sou paj senk (5) fòmilè sa a. Biwo bous detid la pa an mezi pou retounen dokiman orijinal yo ba ou; tanpri voye kopi sèlman. Si ou gen plis pase yon timoun ki aplike pou yon bous detid, se sèlman yon fòmilè verifikasyon revni ki ap nesese. Ou ka jwenn konsèy itil sou sit wèb [Bous Detid EdChoice \(EdChoice Scholarship\)](#) oswa [Bous Detid Cleveland \(Cleveland Scholarship\)](#).

PARAN/RESPONSAB PRENSIPAL

NON: _____
(Premye Non) (Dezyèm Non) (Siyati) Eta Sivil (**obligatwa**)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF SSN: _____

ADRÈS: _____

VIL: _____ OHIO KÒD POSTAL: _____ OU RESEVWA REVNI: Wi Non

NIMEWO TELEFÒN: _____ IMÈL: _____

NON LEKÒL PRIVE KOTE PITIT OU A ENSKRI A: _____

LIS TOUT MANM KAY OU A, sa ki gen ladan elèv bous detid. Fè yon kopi paj sa a si ou bezwen plis espas.

2) NON: _____
(Premye Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF SSN NAN: _____

RELASYON AK OU: _____

ESTATI BOUS DETID LA (KOCHÈ YOUN): NOUVO RENOUVÈLMAN PA APLIKAB

OU RESEVWA REVNI: Wi Non

FÒMILÈ VERIFIKASYON REVNI POU PWOGRAM BOUS DETID 2025-2026

3) NON: _____
(Premye Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF SSN NAN: _____

RELASYON AK OU: _____

ESTATI BOUS DETID LA (KOCHE YOUN): NOUVO RENOUVÈLMAN PA APLIKAB

OU RESEVWA REVNI: Wi Non

4) NON: _____
(Premye Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF SSN NAN: _____

RELASYON AK OU: _____

ESTATI BOUS DETID LA (KOCHE YOUN): NOUVO RENOUVÈLMAN PA APLIKAB

OU RESEVWA REVNI: Wi Non

5) NON: _____
(Premye Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

DAT NESANS: _____ Sèks: FANM GASON KAT DÈNYE CHIF SSN NAN: _____

RELASYON AK OU: _____

ESTATI BOUS DETID LA (KOCHE YOUN): NOUVO RENOUVÈLMAN PA APLIKAB

OU RESEVWA REVNI: Wi Non

FÒMILÈ VERIFIKASYON REVNI POU PWOGRAM BOUS DETID 2025-2026

Ou dwe soumèt dokiman pou tout sous revni nan kay ou an. Dokiman yo dwe reprezante revni aktyèl la. Piga ou voye dokiman orijinal yo, paske yo pa kapab retounen. Bouche 5 premye chif tout nimewo sekirite sosyal yo nan tout dokiman yo pandan w ap kite sèlman 4 dènye chif parèt. Gade paj 4 la pou dokiman revni ki akseptab yo.

Mete chak moun ki te genyen oswa ki pa t genyen yon revni. Si yon moun gen plis pase yon sous revni, itilize plizyè liy.

Enfòmasyon sou Revni	Prenon ak Siyati	Non Patwon an oswa Sous Revni an	Montan Avan Taks	Konbyen Fwa ou Te Resevwa li
	<i>Egzanp: John Smith</i> <i>Egzanp: Jane Smith</i>	<i>Travay - Kroger</i> <i>Pansyon Alimantè pou Timoun</i>	<i>\$1200</i> <i>\$475</i>	<i>Chak de semèn</i> <i>Chak mwa</i>

X _____
Siyati paran/responsab prensipal la

Dat

FÒMILÈ VERIFIKASYON REVNI POU PWOGRAM BOUS DETID 2025-2026

Tablo anba a kapab ede ou detèmine si ou kalifye pou estati fèb revni an. Fanmi k ap renouvle Ekspansyon EdChoice la p ap bezwen konplete pwosesis verifikasyon revni an chak ane, sof si yo ta renmen fè yo rekalkile revni kay yo a pou montan bous la.

KANTITE MOUN KI NAN KAY LA	MONTAN ANYÈL BRIT KI AJISTE (200%)
1	\$31,300
2	\$42,300
3	\$53,300
4	\$64,300
\$64,300	\$75,300
6	\$86,300
7	\$97,300
8	\$108,300
POU CHAK MOUN ANPLIS KI AJOUTE:	\$11,000

Revni Brit Ajiste (Adjusted Gross Income, AGI) a pral itilize pou kalkile revni KAY LA si paran/responsab la bay premye paj deklarasyon revni federal aktyèl li a ki se fòmilè 1040 oswa Ohio IT 1040 lan.

se eleman sa yo ki ap detèmine kantite moun ki gen nan kay la:

- Elèv ki elijib la ak responsab legal elèv ki elijib la;
- Konjwen responsab legal la oswa paran biyolojik nenpòt timoun ki gen mwens pase dizuit lane;
- Timoun ki gen mwens pase dizuit lane ki ap viv ak responsab legal la;
- Timoun paran oswa responsab legal elèv ki elijib la ki se elèv aplentan ki gen vennde lane oswa mwens epi yo deklare kòm yon depandan pou rezon taks federal sou revni.
- Adilt oswa timoun ki andikape oswa avèg ki gen rapò ak paran oswa responsab legal elèv ki kalifye a yo deklare kòm yon depandan pou rezon taks federal sou revni;
- Paran ki gen swasant lane epi yo deklare antanke yon depandan pou rezon taks fderal sou revni.

KÒMAN POU KONPLETE PWOSESIS VERIFIKASYON REVNI AN

1. Jwenn Fòmilè Verifikasyon Revni an [sousit wèb Depatman anoswa](#) nan lekòl ki pa piblik kote ou te aplike oswa te renouvle yon bous detid. (Ranpli paj 1 ak 2 dokiman sa a)
2. Konplete enfòmasyon sou paran/responsab la nan paj 1 an, pandan ou ap ranpli tout liy yo. Sa ta dwe menm ak enfòmasyon ou te bay nan fòmilè aplikasyon/renouvèlman bous detid la.
3. Mansyone manm kay la (sa vle di, konjwen, timoun yo) nan paj 1 an epi bay tout enfòmasyon yo mande yo.
 - a) Fanmi an kapab enskri manm kay la ki gen plis pase 18 lane. Yo dwe deklare depandan sa yo sou deklarasyon taks 1040 lan antanke depandan pou yo kapab kalifye.
4. Ekri sous revni ou yo nan paj 2 a epi bay plizyè kopi pyès jistifikatif ki akseptab.
5. Siyen anba paj 2 a. Pa retounen paj 3-5.
6. Dokiman sou revni ki akseptab

Pou dokimante revni w gras ak Revni Brit Ajiste a, bay youn nan sa yo:

(sa obligatwa si w gen yon travay endepandan, biznis, oswa 1099 revni kote ou pa genyen yon salè)

- Paj 1 nan Fòm Federal 1040 ou a
- Paj 1 nan Ohio IT 1040 ou
- Transkripsyon deklarasyon taks federal ou a (www.irs.gov/individuals/get-transcript)
 - **Tanpri sonje: fòm 1040 yo ki soti nan 2023 oswa 2024 ka itilize apati 1^{ye} fevriye 2025 - 15^{Avril} 2025. Apre 15 avril^{avril} 2025, sèlman fòm 1040 ki soti nan 2024 ou ka itilize.**

Pou dokimante revni an san ou pa bay Revni Brit Ajiste, bay:

- Fòmilè W2 a oswa 4 fich pèman aktyèl (nan espas 90 jou) yo youn aprè lòt pou tout travay yo. Nou itilize Revni Brit Mwayen fich pèman yo bay yo pou kalkile revni an.
- Anplis, dokiman sou tout lòt sous revni. Egzanp: Pansyon Alimantè pou Timoun, Sekirite Sosyal, Pansyon, Kont pou retrèt, revni iregilye, èd sosyal, Koupon pou manje.

Si w fenk p ap travay, ou ka bay nenpòt nan dokiman ki anwo yo, oswa tout sa yo:

- Lèt separasyon ansyen anplwayè ou a ba ou ki endike dènye jou travay la
- Kopi dènye chèk pèman, sa ki gen ladan pèman separasyon
- Dokiman avantaj chomaj
- Dokiman nenpòt nouvo travay

Pou pwouve ou pa gen okenn revni, bay youn nan sa yo:

- Transkripsyon deklarasyon taks federal ou a (www.irs.gov/individuals/get-transcript)
 - **Tanpri sonje: fòm 1040 yo ki soti nan 2023 oswa 2024 ka itilize apati 1^{ye} fevriye 2025 - 15^{Avril} 2025. Apre 15 avril^{avril} 2025, sèlman fòm 1040 ki soti nan 2024 ou ka itilize.**
- Pou aplikasyon EdChoice Expansion, yon kopi afidavi ki siyen ak notarye pa obligatwa pou peye taks pou chak eta ak lwa federal ki disponib sou sit entènèt pwogram bous detid la.

Pou mande Prim Minimòm Bous Detid EdChoice Expansion an, san w pa soumèt dokiman pou verifikasyon revni, bay:

- Yon kopi afidavi pou Prim Minimòm Bous Detid la ki siyen ak notarye ki disponib sou sit entènèt pwogram bous detid la.

PA voye dokiman orijinal yo. Voye yo bay biwo nou an epi bouche 5 premye chif tout nimewo sekirite sosyal yo sou tout dokiman yo pandan w ap kite sèlman 4 dènye chif yo parèt. Soumèt sèlman yon (1) fòmilè pou chak fanmi. (Tankou yon fanmi ki gen 3 elèv nan pwogram nan ap bezwen voye yon fòmilè sèlman pou chak ane lekòl.) Kenbe yon kopi pou dosye ou yo.

Ou kapab voye Verifikasyon Revni (Income Verification) an atravè lapòs oswa soumèt li anliy. Ou kapab voye Fòmilè Verifikasyon Revni an ansanm ak pyès jistifikatif revni yo atravè lapòs bay **Ohio Department of Education and Workforce, Office of Nonpublic Educational Options 25 S. Front Street, Mail Stop 309, Columbus, Ohio 43215-4183.**

Pou soumèt yo anliy pou yo trete yo, paran yo kapab [vizite sit wèb nou an](#) pou jwenn enstriksyon sou fason pou aksede ak pòtay paran an ak enstriksyon pou soumèt yo anliy. Se paran yo ki responsab pou soumèt pyès Verifikasyon Revni yo, se pa lekòl prive a ki responsab sa. Kontakte Biwo Opsyon Edikatif Non Piblik (Office of Nonpublic Educational Options) la nan 614-728-2743, oswa atravè imèl nan edchoice@education.ohio.gov oswa cleveland.scholarship@education.ohio.gov, si ou gen nenpòt kesyon.

Yo p ap rekalkile Verifikasyon Revni an aprè revizyon an fini.

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) a pa fè diskriminasyon sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oswa orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekitab \(equal opportunity employer\)](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an aplikab pou tout pwogram yo ak aktivite yo.

Gade Politik [Diskriminasyon Kont Andikap](#) Depatman an ak [Pwosedi pou Plent nan Politik Diskriminasyon an](#). Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon an, vizite ocrcas.ed.gov/contact-ocr pou jwenn adrès ak nimewo telefòn biwo ki bay sèvis nan zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481..